ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№75 (24.211) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм депутатхэр щеджІуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр 2020 гъэм зэлэжьахэм къырикІуащ.

ЗэфІагъэкІар къапщытэж

● КъБР-м и Парламентым

- 2020 гъэм коронавирусым зиубгъун щІидзэри, ар кьыхэтдгъэувыІэн щхьэкІэ къэдгъэсэбэпа Іэмалхэр ди экономикэм гъэунэхунигъэ хуэхъуащ, - жиІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий. - Нэхъыбэу а хьэлъэр зытехуар узынщагъэр хъумэным и Іэнатіэрщ. Федеральнэ оперативнэ штабым ищІа унафэхэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэрми и медицинэ Іэхъущ1аПІи 9-р узыфэм пэщІэтыным тедгъэпсыхьащ, сымаджэ 1850-м ятещІы-хьауэ. Сымаджэщхэм медицинэ Іэмэпсымэ минрэ ныкъуэрэ кьахуэтщэхун хуей хъуащ, рентген зэращІ, зэрагъэбауэ, узыфэр кьызэрахутэ Іэмэпсымэхэри яхэту. Налшык кьалэм и сымаджэщ №2-мрэ Прохладнэ кьалэм дэт район сымаджэщ нэхъыщхьэмрэ щыдгъэуващ компьютер томографу 2. Апхуэдэуи гъэулъыпІэ 700-м нэблагъэм етшэлІащ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэхэр. Сымаджэщхэр кьызыхуэтыншэу лэжьэн папщІэ, кьэрал бюджетым ныкъэкІыу кьагъэкІуащ сом меларди 2-рэ мелуан 800-м нэблагъэ. Сом мелуан 747-р республикэм и мылькъум кьыхэхъэ-гъэкІащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ медицинэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм мазэ кьэс яхущІыдгъуащ: дохутырхэм - сом мин 50, ику и лэжьакІуэхэм - сом мин 30, Іэщ1агъэлІ нэхъыщІэхэм - сом мин 25-рэ.

2020 гъэм республикэм автомобиль 77-рэ кьыхуащІэхуащ, 28-р «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ» машинэу. Медицинэ лэжьакІуэхэр зэрагъэгушхуэ ахъшэу я улахуэм щІагъуэр псори зэхэту сом зы меларддрэ мелуан 600-м щІигъащ. Абы щыщу республикэ бюджетым кьыхэзагъэкІар сом мелуан 537-рэ мэхъу.

Мусуковым щхьэхуэу кьытеувыІащ 2020 гъэм хэрубыдэу цІыхухэм ягъуэта дэІэпыкъунигъэхэр зыхуэдэм. Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм и цІыху мин 320-м мазэ кьэс сабий ахъшэу, субсидиеу, компенсацэу иратар псори зэхэту сом мелард 15,5-м щІегъу. Апхуэдэуи лэжьаПІэнщэхэм мазэм хуэзэу хухах ахъшэм хуэди 7-кІэ хагъэхъуащ икІи а Іэухум сом меларди 2-м щІигъу теІуэдащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, цІыхухэм зэрадэІэпыкъуа лІэужьыгъуэ псоми сом мелард 17 кьызэщІиубыдащ.

- Коронавируси зыщиубгъуа лъэхъэнэм республикэм и экономикэр емыхуэхын щхьэкІэ, КъБР-м и Оперативнэ штабым кьигъэсэбэпа Іэмалхэм ящыщщ хьэрычат Іуэху мыинмрэ курытымрэ защІэгъэкъуэныр. Къащтэмэ, 2020 гъэм зи Іуэхур нэхъ дэхуэхахэм субсидие етыным и закъуэ сом мелуан 255-м нэблагъэ текІуэдащ, - жиІащ Мусуковым. - Апхуэдэуи хьэрычтыщІэхэм бзджэндыпщІэхэмкІэ хуэгъэкІуатэ яІэным, налогхэр яхуэгъэмэщІэным, щхьэщатыкІэхэр нэхъ мащІэу щыхуэ хьатыным теухуауэ лэжьыгъэ едгъэкІуэкІащ. Апхуэдэ Іэмалхэм сыт хьщитар жыфІэмэ, шэч хэмылъу, ди экономикэр зэпІэзэрыту кьэнэныр зэрытхузэфІэкІарщ. Псалъэм кьыдэкІуэу, 2020 гъэм щІыналъэм кьилэжьыфа псор сом меларди 180-м щІигъуащ. Промышленностым кьыщІигъэкІами бжьгъэфІхэр кьигъэльэгъуащ: хьэпшыпу кьыщІагъэкІамрэ Іуэхутхьэбзэу зэфІахамрэ сом мелард 45,8-рэ хуоз. Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм кьалэжьащ сом ме-лард 61-м щІигъу (иужьрей ильэсипщІым ар нэхъыбэ дзащ). Кьапщтэмэ, мэкъумэш Іэнатіэм етпахэм субсидиеу сом меларди 2,5-рэ яІэрыхьащ. Инвестицэхэр сом мелард 49,8-рэ хъуащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, нэгъабэ инвестицэмкІэ Іуэхуэр езыгъэфІэкІуа щІыналъэ 40-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрахэхуар.

Мусуков Алий дыщІигъуащ коронавирусым зыщиубгъуа лъэхъэнэм сатум кьыпэкІуэр процент 67-м нэс зэрехуэхар. Ещанэ мазищым кьыщыщІэдзауэ абы зыкъиІэтыжу хуежьа щхьэкІэ, 2019 гъэм яІа ехьулІэныгъэм щІрагъэгъуфаькъым икІи сом меларди 134-рэ хьуауэ аращ.

Социальнэ Іуэхуэм епхауэ лажьэ щІыхуэхэм я улахуэр зэрауб3ыхуам кьыщытеувыІэм, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым кьыхэзагъэкІа щІыналъэ 40-м щыщ 2021 гъэм лъэпкъ проектыщІэ, туризмэмрэ хьэщІэщхэмрэ зеГъэужьыным теухуауэ, кьыхэзыщыхалъхьар. Къэбэрдей-Балъкъэрми игъэхьэзырыр хуейщ абы хигъэхуэну проектхэр.

Республикэм и бюджетым и гугъу щиищым, Правительствэм и Унафэщым кьыхигъэщащ 2020 гъэм хэхъуэр сом мелард 55,7-рэ зэрыхьуар. 2019 гъэм ебгъапщэмэ, ар процент 35,2-кІэ нэхъыбэщ. Апхуэдэуи къэрал щыхуэр сом мелуан 720-кІэ яГъэмэщІащ. 2020 гъэм лъэпкъ проектхэр гъэззщІэным сом меларди 8-м щІигъу хуэхахащ: сом меларди 6,6-р федеральнэ ахъшэу, сом мелард 1,3-р республикэм ейуэ, сом мелуани 105-р щІыпІэ бюджетым щыщу. 2021 гъэм лъэпкъ проектхэр яГъэзщІэным сом меларди 7,3-р трагъэкІуэдэнущ, абы иджыри дыщІагъуну я гугъэщ, федеральнэ субсидие кьызэрыратым ельыдтауэ.

Депутатхэм упщІэ зыбжанэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым. КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Емуз Нинэ** кьыхигъэщащ блэкІа лІэщІыгъуэм икуэхэм республикэм щаууасэу щыта школ зыбжанэ зэгъэпэщыжын зэрыхуейр.

Мусуковым жиІащ а Іуэхум программэ щхьэхуэкІэ зэрелэжьыр икІи школ 96-рэ абы зэрыхэхуар. «Дэтхэнэми сом мелуан 40 - 50 хуэдиз текІуэдэнущ. Программэр еэыр тещІыхьащ сом меларди 4-м. Щапхъэ кьэсхьынщи, нэгъабэ сом мелуани 100 текІуэдауэ зэдгъэпэщыжащ Май кьалэмрэ Гундэлэн кьуажэмрэ я школхэр. Мы гъэм ди мурадщ еджапІищ зэдгъэпэщыжыну - Дзэлыкъуэкъуажэ, Малкэ, Шэрдж Ищхъэрэ жылэхэм дэтхэр» - дыщІигъуащ къэпсэльым.

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ зэшинагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир** щІэупщІащ бюджет Іэнатіэ Іутхэм я улахуэм зэрыхагъахъуэ щыкІэм. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым жиІащ илъэс кьэс процентищ-плыкІэ улахуэм зэрыхагъахъуэр, ауэ ар мащІэу кьызэрилъытэр. «ЩытыкІэм зихуэжьын щхьэкІэ нэхъ къапщІэу хэгъэхъуэн хуейщ процент бжыгъэм. Ар щытхузэфІэкІынур улахуэр зэрат щыкІэм зэхъуэкІынымкІэ хэтлъхьэмащ. Проценти 10-кІэ хэбгъэхъуэу къапщтэми (ауэ абыи арэзы укъищІыпэркъым), сом меларди 2 дыхуеинущ», - кьихигъэщащ Мусуковым.

Егоровэ Татьянэ Мусуков Алий ФЫщІэ хуищІащ КъБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэр купщІафІэу кьызэрызащІыкІуэжам щхьэкІэ.

Зэпущ1эм кьыщащтащ «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Хьэфіыщ1э Мухьэмэдэр Аттаев Жэмалрэ я кьулыкъур ящхьэщыкІыным теухуа унафэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 24, *махуэку*

♦**ТекІуэныгъэм и Парадыр щекІуэкІа махуэщ.** 1945 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым ирикІуащ СССР-р Германием зэрытекІуам и щІыхькІэ кьызэрагъэпэща парадыр.

♦**Чуваш Республикэм и махуэщ**

♦**Азербайджаным щагъэльапІэ машинэ зыщІ промышленностым и лэжьакІуэхэм я махуэр**

♦**Шотландием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**1812 гъэм** франджы император Наполеон Бонапарт и армэр, Неман псыр кьызэпиупщІри, Урысей империем кьизэрыгуащ - 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэ фІэщыгъэр иІэу ди тхыдэм хьыба зэпэщІэтыныгъэхуэм щІидзащ.

♦**1930 гъэм** радар Іэмэпсымэр яПэу кьагъэсэбэпащ, уэгум ит кьуэхьлъатэм зыпащІэн папщІэ.

♦**1934 гъэм** Киев Украинэм и кьалащхьэ хъуащ. Абы и пэкІэ а республикэм и щыхьэру щытар Харьковт.

♦**1937 гъэм** Республикэм и Советхэм я зи мычэзу зэсэдым кьищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и яПэ Конституцэр.

♦**1941 гъэм** кьызэрагъэпэщащ Совет хьыбарегъащІэ бюрор. Араш фронтым щекІуэкІхэм щыхьэр щытащ.

♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Ладынинэ Маринэ** кьызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-ми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **КІэрашэ Зейнаб** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **АфІэунэ Алий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, режиссёр, УФ-м, Абхъазым, КъБР-м гъэздэхэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Фырэ Руслан** кьызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦Ди зэманым и футболист нэхъыфІ дыдэхэм хабжэ, олимп чемпион, Аргентинэм и командэ кьыхэхам и капитан, Испанием и «Барселона» клубым щыджэгу **Месси Лионель** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 25, *мэрем*

♦**Тенджызым щылажьэм и дунейпсо и махуэщ**

♦**УФ-м и Статистикэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Словение, Хорватие республикэхэм я кьэралыгъэхэм я махуэщ.** 1991 гъэм ахэр Югославием кьыгъэкІащ.

♦**Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ и махуэщ**

♦**1876 гъэм** США-м щыщ бдзэжьеящэ Енсен Альфред, дунейм щыяпэу, и закъуэу кьхъыкІэ Атлантикэм хьм зэпрысыкІащ.

♦**1946 гъэм** СССР-р Футболымкіэ дунейпсо федерацэм хьихащ.

♦**1959 гъэм** Совет Союзым щыяпэу Москва кьыщызэІуахащ Америкэм и лъэпкъ выставкэр. Абы щагъэлъэгуащ США-м щащІа мэкъумэш машинэхэр, автомобилхэр, унагъуэм ящІагъэсэбэп техникэхэр, Іэмэпсымэхэр, апхуэдэуи щыгъынхэр, кьабзагъэм ехьэлІауэ кьагъэсэбэпхэр, цІыхубзхэм зэрызагъэдахэ напэщыхуэ хуэдэхэр. ТхьэмахуитІым кьриубыдэу а выставкэм яфІэтелъыджэу епльат цІыху мелуанитІым нэблагъэ.

♦**1987 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ кьыщащтащ къэралым экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІыным теухуауэ.

♦Театрымрэ кинорэ я актёр, егъэджакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Филозов Альберт** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Тимирязевым и цІэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Агырбэ Юрэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, журналист **Нэхей Руслан** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хъурей Лееренэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщІ, УФ-м щэнхабэзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІэрашэ Асльэнбэч** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и чемпион, дунейпсо гроссмейстер **Крамник Владимир** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

МафІэсрэ псыдзэрэ уадэмыджэгу.

КІЫЭКІЫЭ Казбек: «ФокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ екІуэкІыну Іуэху нэхъыщхьэ псори Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэсищэ щрикъум ехьэлІауэ щытын хуейщ»

КъБР-м и Іэтащхьэ КІэукІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ махуэшхуэм пыща гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэр.

КІУЭКІУЭ Казбек зэгъэзэхуэжыныгъэхэмрэ чэнджащэмрэ хилъхьащ мазэшхуэр зэреклуэкІыну яубзыхуам. Абы жиІащ республикэм мы гъэм фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ щекІуэкІыну Іуэху нэхъыщхьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэсищэ щрикъум ехьэлІауэ щытын зэрыруейр. Іэтащхьэм абыкІэ жэуап зыхьхэм пщэрылъ ящищІащ махуэшхуэр зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэу нэхъ пасэу яубзыхуаэхэм хэпльэжыну икІи щІыгъуэжыгъхъэу кьалъытэхэр тхьэмахуэм кьриубыдэу къыхалъхьэну, апхуэдэуи лэжьакІуэ гупэр а Іуэхухэм нэхъ жыдэжру яужь итыну.

Іэтащхьэм кьыхигъэщащ махуэшхуэ дауэдапщэхэм тэмэму зыхуэзгъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

«ЩІыпІэхэр зэІуэзэпэщ щыныр, социальнэ мыхьэнэ зиІэ объектыщІэхэр уухэныр, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуэ ящІыр нэсу кьызэщІэзыубыдэну программэ зэхэлъхьэныр, республикэм щыпсэу дэтхэнэ зы-ми дежкІэ купщІэшхуэ зыхэлъ дамыгъэхэр, хьэщІагъэ дахэр - мис ахэращ и лъабжьэу щытын хуейр республикэр лІэщІыгъуэ зэрырикъум теухуа маХуэшхуэм», - кьыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу

Урысейм и нэгъуэщІ щыналъэхэм къикІыурэ Налшык зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр КІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу.

РЕСПУБЛИКЭМ и кьалащхьэм иІэщ санаторэрэ зыгъэпсэхупІэ зэмылІэужьыгъуэу ТІощІ хуэдизи, ахэр мы гъэмахуэм зэпэуфыдащ. Абыхэм кьахуеблагъэнуэхэм нэхъ пасэу зрагъэтхащ, щхьэж щыхуей зэманым тещІыхьауэ.

«Мыбдежым мыхьэнэ хэха иІэщ хамэ кьэралхэм мы зэманым укІуэ зэрымыхъум, ауэ Іуэхур абы тещІыхьыпаи щыткъым. Иужьрей илъэсхэм ди республикэм лэжьыгъэшхуэ щекІуэкІащ туристхэр кьыдэхьэхыным, ахэр я тыншыпІэкІэ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ. Ди аэропортым щІыналъэ куэдым кьикІ рейсхэр игъэзащІэ хъуащ, ди гъэзгуэр щІэгъэхуэбжьауэ зэрагъэпэщыж, щІэхэр яукъуэдий. А псори хуощхьэпэ щІыналъэм и экономикэм зегъэужьыным», - жиІащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щоджэнц1ыкІу Мурат.

Налшык хьэщІэхэр хьэщыкъ зэрящІэхэм ящыщщ и хьэуа кьабзэр, и псынэпс телъыджэхэр, и щІыуэпс дахащэр.

«Дэ цІыхухэр арэзы тщІын папщІэ тлъэкІ кьэдгъанэркъым. Псы хущхьэуэхэмкІэщ цІыхухэм дазэрелъэзэр, кьызэрыгуакІ псы кьэдмыгъэсэбэпу. Урысей Федераця псор кьапщтэмэ, ди деж и закъуэщ азот-термальнэ, йодобром, серо-водород псы хущхьэу Іэзэкіэхэр щыбгъуэтынур», - жеІэ псы хущхьэухэмкІэ цІыхухэм еІэзэныкІэ Іуэхущ1апІэм и Унафэщ1 Къаскъуэл Владимир.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм зэуэ цІыху миниуым зыщагъэпсэхуфынущ, я узынщагъэр щызэфІагъэувэжьфынущ. Апхуэдэуи хьэщІэхэр Гуэл щхьэуантІэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм, Іуащхьэмахуэ лъапэ яшэурэ зыщІагъэпІлъыхь, я нэгу зыщІагъэужь.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Зауэлім и щІыхьыр

Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм иригъэкІуэкІ «Фэеплъым и хъумакІуэ» къэралпсо акцэм къриубыдэу, Май щІыналъэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Хэку зауэзхуэм хэта, хъыбарышнэу кІуэдауэ кьалъытэхэм ящыщ совет зауэлІищым я къупщхьэлъапщхь къагъуэтыжахэр щІэлъхьэжыным епха Іуэхуэр. Ахэр зэфІагъэкІащ апхуэдэ кьэлъыхъуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ «Кавказ гъунапкъэ» гупым хэтхэм.

МАЙ щІыналъэм хиубыдэ Красная Полянэ кьутырым и Іэшэлъашэхэм щІыналъхьэжащ зауэлІхэр. Тхыдэм кьызэрыхэщщыжымкІэ, 1942 гъэм и фокІадэм и 29-м а щІыпІэм зэзауэ гуащІэхэр щекІуэкІащ. Кавказ Ищхъэрэм и фронтхэм кьадза 392-нэ фочГъауэ дивизэр хэтащ Шэрэджыпсым и Іуфэхэм деж щыІа зэхуэхэм. Апхуэдэу а илъэс дыдэм и жэпуэгъуэм и 1-м Красная Полянэ жылэм зауэ хьэлъэхэр щыІащ. Абы хэкІуэдащ ди совет сэлэтхэм ящыщ куэд.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, ТекІуэныгъэ Иныр Хэку зауэщхуэм кьыщытхузэхьыжа ди совет зауэлІхэм ящыщ куэдым я цІэ-унэцІэхэр тщІэркъым - ахэр хьыбарыншэу кІуэдащ. АтІэми, дэ хьэкъыу тпхыгъэ зы дощІэ: абыхэм ящыщ дэтхэнэми хуэфащэщ ПІыхьэжькІэ уеджэну, - жиІащ пэкІуэм кьыщыпсэлъа, Урысей гвардием КъБР-м щиІэ управленэм и унафэщым и Іуэхущ1апІэм и майор Лыкъуэжь Маринэ. - Мамырыгъэ кьытхузэпхьа а зауэлІхэм я фэеплъыр хьумэныр, абыхэм ятеухуа хьыбархэр кьыдэкІуэтей щІэблэм ахуэтІуэтэжу дыкъекІуэкІыныр дэ, нэхъыжьхэм, ди кьалэнщи, ар зэрыдгъэзэщІыжьыным жэуапныгъэ тхэлъу дыбгъэдэвгъэхьэ. Нобэ зи хьэдэ кьупщхьэ пщІэ хуэтщІу щІэтлъхьэжаэми я псэр тыншыжауэ Тхьэм кьыщІигъэкІ.

Хэкіуэдахэм пщІэ лъагэ зэрыхуащІыр кьагъэльэгъуар, щІыхь кьэрэгъулыр иувыкІауэ щыту, екІуэкІащ Іуэхур. Кьхьащхьэхэм фочхэр щхьэщагъэукІащ. Иужькіэ зауэлІхэм я фэеплъым дакъикъэкІэ хуэщІагъуащ зэхьихьэм кьрихьэлІа псори.

Апхуэдэ кьэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэм ноби пащэ «Кавказ гъунапкъэ» гупым хэтхэм. Хэку зауэшхуэм хэкІуэда псоми я кьхъащхьэ ягъэтыжауэ Тхьэм дигъэлъэгъу. Жылагъуэм зи щремыгъупщэ ТекІуэныгъэ кьыгъэтхузэыхьа дэтхэнэ сэлэтми и цІэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

• Пэкіухэр

Илъэс 80 дэкІами...

Мы махуэхэм ди къэралым и щыналъэ псоми ягу къыщагъэкІыж 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и ялэ махуэр. Абы теухуа фэеплъ пэкІуэр щыІэхэтащ ди республикэми.

НАЛШЫК и къалэ паркым ит «ЩІыхьым и мафІэ мыужьхьым» деж илъэс къэс, хабзэ хъуауэ, щыІэхуос цІыху куэд. Мы гъэми мэкъуаугъуэм и 22-м сыхьэти 4-м абдеж щыпасынащ зауэ щІыхьымрэ фэеплъымрэ я шэху уэздыгъэхэр. Фэеплъ махуэм епха Іуэхугъуэхэр паркым къыщыІэзрагъэпэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэмрэ я ІуэхуэмкІэ и министерствэм и ІэщІагъэлІхэм я жэрдэмкІэ.

Махуэм мащІэу зиужьа нэужь, пэкІум къыхьихьащ къалащхьэм и унафощІхэр, абы щылажьэ Іуэхущапіхэм, щыІэхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр. Апхуэдэхэт Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, КъБР-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд**, Налшык къалэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ **Абдуллаев Мустэфа**, УФ-м и МЧС-м КъБР-м щиІэ Іэнатіэм и ІэщіагъэлІхэр, «Армие ныбжьыщІэ» зэгухьэныгъэм хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

- Нобэрэй махуэр ди къэралым и тхыдэм Іэгупіэ фІыцІэу къыхэнахэм ящыщщ. Илъэс 80 ипэкІэ нобэ хуэдэ гъэмахуэ пщэдджыжьым Совет Союзым и цІыхухэр къыщІэушауэ щытащ хъыбар гуауэм: фашист Германием ди хэкум къриидцІылат лъырэ нэпскІэ гъэнщІа зауэ гущІэгъунэ, - жаІащ пэкІум къыщыпсэлъахэм. - Нобэ дигу къыдогъэкІыж а мафІае илъэсхэм зи гъащІэр ихьа, ТекІуныгъэ иным зи псэр щІэзыта ди хэкуэгъу цІыху мелуанхэр. Абыхэм яхэтщ къэрал щхьэхуитыгъэм щІэзэууэ зи псэр зауэ губгъуэм щызытахэри, ззэауэ гущІэхэм яужь хъыбарыншэу кІуэдахэри, фронтым и щыбагъкІэ щагъэв бэлыхьхэм, мэжэщІалагъэм ихьахэри... Дахуэзарэзыщ, дунеягъэкІэ къэмыхъуапсэу я псэр тыншыжауэ Тхьэм къыщІигъэкІ.

ЗэІущІэм хэтахэм, къалэ унафэщІхэр я пашэу, уэз гъэгъахэр тралъхьащ МафІэ мыужьых фэеплъым. Абдежым къекІуэлІат КъБКъУ-м и медколледжым и студентхэр, университетым и егъэджакІуэрэ студенту Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм хуагъэува фэеплъу КъБКъУ-м и пщІантІэм дэтым деж щыпагъэна шэху уэздыгъэрэ удз гъэгъахэмрэ яІыгъыу.

Паркым щекІуэкІа республикэпсо Іуэхухэм хэта нэужь, КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ университетым къагъэзэжащ икІи фэеплъ пэкІум щыпащащ еджапІэм и пщІантІэм. Ар къызэІуихащ университетым и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Альтуд Юрэ**.

- Фыдисит Германием 1941 гъэм къыдищЫлІаУэ щыта зауэр илъэси 4-кІэ екІуэкІащ. Абы ихьащ цІыху мелуан 27-м щІигъум я гъащІэр. Абыхэм ящыщу цІыху мин 40-р Къабэрдей-Балъкъэрым щыщт, - къыхигъэщащ Альтудым и къэпсэлъэныгъэм. – Ди университетым и егъэджакІуэрэ студенту цІыхуи 144-рэ хэкІуэдащ Хэку зауэшхуэм. Абыхэм я фэеплъым зы дакъикъэкІэ дахуэвгъэщыгъуэ.

Абдеж къыщыпсэлъахэм ящыщщ КъБКъУ-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шурдым Хьэсэн**, **Абдуллаев Мустэфа**, КъБКъУ-м и проректор **ГъуКІэпщокъуэ Мурат** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Сыхьэт 14-м зэІущІэм щыпащащ университетым ЩэнхабзэмкІэ и центрым, Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэм. Абы щекІуэкІа литературэ-макъамэ композицэ купщІафІэм. Абы хэтт Хэку зауэшхуэм и кхъухьакъащІэ нэхъ инхэм ятеухуа тепІэгъуэхэр. Студентхэр кІэщІу тепсэлъыхьащ ди республикэм щыщу «Совет Союзым и Лныхьжь» цІэр зыфІаща щІалэ 26-мрэ «ЩІыхь» орденым и нагъыщэ лъырэ нэпскІэ гъэнщІа зауэ гущІэгъунэ, - жаІащ пэкІум къыщыпсэлъахэм. - Нобэ дигу къыдогъэкІыж а мафІае илъэсхэм зи гъащІэр ихьа, ТекІуныгъэ иным зи псэр щІэзыта ди хэкуэгъу цІыху мелуанхэр. Абыхэм яхэтщ къэрал щхьэхуитыгъэм щІэзэууэ зи псэр зауэ губгъуэм щыз

Сытым щыгъуэ, мынобэмэ...

● Абы дегъэпІейтей

«Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым хуэлажьэхэр.

Бзэхэм гъашІэ яІэщ, цІыхум хуэщІ кьабзэу. ЦІыхур и узынщагъэм здихьым нэс, бзэуэ зей лъэпкъым Іуры-лъыху мэпсэу. ЦІыдыжьнкІэ шынагъуэ зыщхьэщыт бзэуэ дунейм тетым я атлас зэхигъэуващ ЮНЕСКО-м. Абы бзэр щыхупІэм зэрыхуэбгагъэ лъэбакъуэхэр 6 хъуэ кьихуэтащ:

- зыкІи къэхымыщтыкІми хъунущ нэхъыжьым яІурыльэ бзэр нэхъыщІэми ящІэу къэгъуэгурыкІуэ лъэпкъхэр;

- щІэблэм я нэхъыбэр ирипсалъэу, ауэ унагъуэхэм фІэкІа къыщамыгъэсэбэпмэ, бзэм и Іуэхур кьэтІасхъэу хуежьащ;

- кІуэдыжьым гъэгум теувауэ аращ еджапІэхэм анэдэлъхубзэр щамыджмэ;

- щынагъуэм нэсащ, адаэанэм ящІэу, ауэ я быным иремыпсалъэмэ;

- мэкІуэдыжьипэ, нэхъыжьхэм фІэкІа, нэхъыщІэхэм бзэр зыІурылъ яхэмытмэ;

- бзэр щылІэжьхьм, ирипсалъэ цІыхуэ щыщІымыІэжьым.

Дуней псом бзэуэ мини-мининбл тетщи (хъыбарегъащІэ зэщымыщхэм зэтемыхуэу кьыхэзратымкІэ), иІъэсищэ кьэкІуэнум и кІуэцІкІэ зэуэдитІыр щы-мыІэжьмы тражьІыкІ. Урысейм лъэпкъыбзэу 174-рэ щызекІуэрти, 20-р кІуэдыжащ, 136-р мэкІуэдыжри гъуэгу тетщ. Франджым щызекІуэ бзэхэм ящыщу 26-р, Германием - 7-р кІуэдыжым хабжащ. Австралием лъэпкъыбзэу 250-рэ щызекІуэу щытати, нобэм къэсар 40-щ. Щапхъэхэр узыщІэзыгъэгупсысыжщ. НтІэ, дыгупсысэххэнумэ, Кавказым ис лъэпкъхэм я бзэм кІуэдыжьныр зыхуамыгъэфащэ яхэткъым. Бзэм и узынщагъэр здынэсыр кьызэрапщыр ирипсалъэм и бжыгъэм, щІэблэм зэрыраГащІэм, къэралы

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Уз зэрыщІалэм теухуауэ иджыри зэ

● Узыншагъэ

Дунейр удзыфэу щІэращІэщ, дыгъэри мазэри къыкъуокІ, къуохьэж. Зыми зихъуэжа хуэдэкъым зэ еплъыгъуэкІэ, ауэ щІыхур зыгъэгузавэ уз зэрыщІалэм зитын Іуэху зэрызэримыхуэм, уеблэмэ нэхъ хьэлъэ зэрыхуэм и хъыбарыр адрей псом я щхьэ макІуэ.

СЫТ-ТІЭ ІэщІагъэлІхэм жаІэр? Сыхуейт фыщызгъэгъуэзэну УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Іэщіагъэлі-пульмонолог, РАН-м и член-корреспондент Авдеев Сергей мы Іуэхум теухуауэ жиІэм.

Псом ящэу абы къыхэгъэщ, илъэс ипэкІэ хуэдабзэу, щІыхуэхэм мы узыр хьэлъэу зэращІэкІыр, вирусыр нэхъ махэ зэрымыхъуар. Мы илъэс кІуам къиубыдэу дохутырхэм ягъэбелджылащ вирусым псэзэпылъхьапІэ иригъэувэжэр хэтми. Псом ящэр ныбжьыщхэу зиІэхэращ (илъэс 80 - 90). Уз гъэтІылъа зиІэхэм, гу-лъэнтхуэ, фошыгъу узыфэу ирехъу, лы лей зытелъхэм, къахуемыгъэли къахэкІыу, еІэзэгъуейщ. ІэщіагъэлІым щхьэхуэу къыхэгъэщ тутынафэхэр икІи жеІэ ар куэд щІауэ зи нэрыгъыр къеГэлэигъуей зэрыхъур, тутын ефэр уэсым имыщтэу жаІэу Интернетым щатхыр зэрыпщІы зэфэзэщыр.

Авдеевым зэрыжиІэмкІэ, щІыхум и общэ, биохимие анализэр зыхуэдэм елъытауэ, зэрысымэджэну щІыкІэр къахуэщІэ хъуащ. Псалъэм папщІэ, С-реактивный белок жыхуаІэр куэдмэ, лимфоцитхэмрэ тромбоцитхэмрэ мащІэмэ, щІыхур къахуемыгъэлынри хэлъщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, вирусым щІыхум ирищІэнкІэ хъунур иджыри яхуегъэбелджылапажьмэ. Къапщэтэ, уз гъэтІылъаи зимыІэ, я ныбжьыкІи илъэс 35 - 40-хэм фІэмыкІахэм къахокІ хьэлъэ дыдэу сымаджэ.

Вирусым и штаммыр псынщІэу ихъуэжу зэрыщІидзам и гугъу здищІым, Авдеевым жеІэ вирусхэм ар зэрахабзэр икІи щІыхуэхэр нэхъыбэу зэрыщІалэу, нэхъ хьэлъэуи сымаджэу зыкъыззэридзэкІынкІэ зэрыхъунур. Псалъэм папщІэ, британие вирусыр щыІащ, къэралхэм я бжэр зэхуащІауэ Инджылызым щыщ ямыгъакІуэу. Иджы индие штаммыр къежьащ. ЩІыхуэхэр зэрыщІэлэнымкІэ абы и къарур куэдкІэ нэхъ инщ, къызытекІа штаммым нэхърэ.

Вирус зызыхъуэжам иджыри вакцинэжэр пэлъэщыну? Абы теухуа къэхутэныгъэ иджыри ирагъэкІуэкІын хуейщ. Абы и щапхъэу дохутырым къыхэгъэщ Астра Зенекэ вакцинэр Африкэ Илпщэм зэримыдажьр, абы щызекІуэ штаммым щыр пэлъэщырэкъыми.

Урысей вакцинэхэм ятеухуауэ вирусологхэм иммунологхэми жаІэ дэ ди Іэ хущъыдъэхэм я пкъыгъуэкэр псынщІэу зэрахъуэкІыфыну, вирусым зэрызихъуэжым елъытауэ.

ЩІыхуэхэр узым и закъуэкъым зыгъэгузавэр, ахэр ахущэбзэуи щыкІакІэ вакцинэхэм. Авдеевым жеІэ сымаджэм и тхьэмбылым и сурэт зыльэгъуар лейуэ мычэнджэщэжыну. АтІэ, «матовое стекло» щыжаІэращи, тхьэмбылыр хужь мэхъу, щІыхур зэрыпсэур, зэрыбэуэфыр бгъэщІагъуэу.

Дохутырым къыхэгъэщ и щхьэкІэ е и благъэ-Іыхьлыкі мы узыр зыгъэунэхуэм вакцинэм теухуауэ чэнджащэ зэрахэмыытыр.

● Гъэщіэгъуэнщ

Фыкъакіуэ къудей

Италием щыпсэухэм илъэс мин бжыгъэхэр зи ныбжь щІэинышхуэ яхьумэ, музей, архитектурэ и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэмрэ къэралым фІыуэ зыщызыужьа промышленность псынщІэмрэ иджыри къэс тыншу къыгъэгъуэгурыкІуащ щІэблэхэр. Адэкіи апхуэдэу екІуэкІыну къыщІэкІынущ, ауэ зэкІэ пандемиер зэран яхуохьу.

ИТАЛИЕМ къилэжьыфым, хэхъуэу иІэм и процент 13-р къезытыр туризмэрщ. ЦІыхухэр зыгуэрурэ зрамышэлІэжмэ, «гъуазджэм и къалэхэр» хэхъуэнщэу къэзнэнущи, зыплъыхьакІуэхэр къызэрыдахьэхьн Іэмалхэр къагупсыс. Псалъэм папщІэ, Флоренцием и Іэтащхьэр хьэзыщ хамэ хэку къикІхэм я къэралым и щыпІэ дахэхэр езыгъэщІыхуу лэжьэну. Ар егъэгузавэ туриндустрием щылажьэ цІыху мин 20-м я унагъуэхэр зэрыпсэун ямыІэу къэнэжІэ зэрыхъунум. ИкІи хъулыкъущІэхэр къыхуреджэ щІыхуэхэр зыплъыхьакІуэ къаухуэкІуэу хьужьнымкІэ яхуэзэфІэкІ къамыгъэнэну. Къапщтэмэ, езым франджыхэм яригъэлъэгъуащ Флоренциемрэ и музейхэр. И лэжьыгъэм зыкъыдигъахуэурэ мы Іуэхум пищэну и мурадщ.

Къалэм и унафэщІым и жэрдэмыр щІыхуэ щІэрыІуэ куэдым даІыгъащ. Нэхъыщхьэращи, зыплъыхьакІуэхэм гъэщІэгъуэн ящыхьун Іуэхуэхэр яублащ. Абыхэм ящыщ зыщ Флоренциемрэ и унафэщІ Нарделлэ Дарио къалащхьэ щІэрыІуэхэм кІуэну зэрыгъэриухуар, Москваи Санкт-Петербургри хэту. Абы лъэІуэну и мураду аращ пандемиер зэран зыхуэхъуа къалэм дэІэпыкъуну. УнафэщІым жеІэ къадэІэпыкъуэхэм хэІущІыбу защІыну хуэмейм, я цІэр зэрабэщІынур, ауэ дэтхэнэми «дыщэ флорин» зэрыратынур. Ар тхьэм хьэжьа флорентин ахъшэщ.

КъулыкъущІэм и зекІуэм къикІынур къэщІэгъуейщ, ауэ уи Іэр зэтедзауэ ущыси зэрымыхъунуи и щапхъэу къыщІэкІынщ абы игъэлъагъуэр.

● Футбол

Дызэригугъамрэ къызэрыщІэкІамрэ

Европэм футболымкІэ и зи чэзу чемпионатыр куэдрэ дызыпагъэплъа къэхъукъащІэ тельыджащ. Дызэрыщыгъуазэщи, дуней псор иджыри къэс зыгъэгулэз коронавариус уз зэрыщІалэм и зэранкІэ нэгъабэ ягъэІэпхъуащ Іуэху щхьэпэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ спорт зэхьэзэхуэ инхэу зэхэтын хуеи Европэм футболымкІэ и чемпионатым и кІэух зэІущІэхэмрэ Токио щыІэну зытраухуа Гъэмахуэ Олимп джэгухэмрэ.

ДЫЗЫПЭМЫПЛЪА икІи хэщІыныгъэшхуэ хъыдэзыта узыр машІэу текІуэтауэ къащІихьыр, спорт зэхьэзэхуэ инхэр зэхаублажащ. Апхуэдэщ мэкъуауэгъуэм и 11-м къэрал 11-м щрагъэжьа Европэм футболымкІэ и чемпионатым и кІэух зэІущІэхэр. Нэхъапэм зэи къэмыхъуауэ, мы зэхьэзэхуэ иныр щыІпІэ куэдым хуагъэфащащ, футболым и мыхьэнэр нэхъри къаІэтын мурад яІэу. Амстердам, Баку, Бухарест, Будапешт, Копенгаген, Глазго, Лондон, Мюнхен, Рим, Санкт-Петербург, Севилье къалэхэм щызэпоуэ Европэм и къэрал 24-м я командэ кІыхэха нэхъ лъэщ дыдэхэр. Гупхэм щыІэну зэІущІэхэр щекІуэкІыныхэм яхэтын хуеящ Ирландиием и къалащхьэ Дублини. АрщхьэкІэ уз зэрыщІалэм къиГэзэщынэри, къаухэкІыжащ. Абы къыпІыс Іыхьэри Урысей Федерацэм кратащ. Зэхьэзэхуэ иныр щрагъэкІуэкІыну дзыхь зыхуащІа «Санкт-Петербург арена»-м щекІуэкІынущ гупхэм щыІэну зэІущІихрэ финалым и Іыхьэ плІанэм и зы джэгуГуэрэ.

Франджы Делонэ Анрищ топджэгуМкІэ Европэм и чемпионатыр къэзыгупсыс. Ар и унафэщІу щытащ Франджым ФутболымкІэ и федерацэмрэ УЕФА-мрэ. 1955 гъэм езыр дунейм ехыжа и иужькІэ Іуэхум пищащ и къуэ Пьер. Абы дэІэпыкъуэгъуэ хуащІащ венгр Шебеш, австриец Фрей, алыдж Константрас, испан Пуйоль. А гупым 1957 гъэм УЕФА-м (Европэм и футболым зэгухьэныгъэм) и зэхуэсым и пащхьэ иритІыхьащ зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІыну хабзэр.

1960 гъэм зэхаубла Европэм и чемпионатым (абы щыгъуэм зэреджэр Европей къпэкъхэм я кубкот) и япэ зэІущІэр щекІуэкІар Мэзкуущ. ЦІыху мини 100-м щІигъу кърихьэлІэу Совет Союзым и командэ къыхэхам «Лужники» стадионым къыщригъэблэгъат а лъэхъэнэм дунейм щынэхъыфІ дыдэхэм хабжэ Венгриием и футболистхэр. А зэхьэзэхуэм япэ дыдэу къыщыхэжаныкІари ди хэкуэгъу Ильин Анатолийщ. Венгрэр 3:1-уэ хигъащІэри, СССР-м и командэ къыхэхар финалым и Іыхьэ плІанэм нэсащ. Абы хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ Испаниием и футболистхэр. АрщхьэкІэ Совет Союзым дипломат зэхуущытыкІэ хуэмыІэ а къэралым и Іэтащхьэ Франко испанхэр дыдейхэм къадигъэжэгун идакъым. Арати, бэнэныгъэншэу ди топджэгуэр медалхэм щызэныкъуэкъуну кІэух зэпеуэм хэхуащ. ПарижщекІуэкІыну зэхьэзэхуэм совет футболистхэм къащыпэплъэрт Югославиием, Франджым, Чехословакием я командэ къыхэхахэр.

Финал ныкъуэм чехословакхэм щефІэкІри, ди щІалэхэм Іэмал яГуэтащ дыщэм щІэбэныну. Абыхэм хьэрхуэрэгъу къахуэхъуащ хэгъэрейхэр хэзыгъэщІа югославкэр.

Лъэныкъуэхэр хуабжу ерыщу зэпэщІэтащ. Сорт зэныкъуэкъуныгъэм къыхыхьат политикэ Іуэхури – Сталинуи дунейм ехыжа иужькІэ ирапэса фІейкэр ямыдзу Югославием и унафэщІхэм Совет Союзыр бий ящІат.

Джэгум и япэ Іыхьэр югославхэм яхьащ 1:0-у. АрщхьэкІэ, загъэпсэхуауэ къызэрихьэжу, МетревелиLadэ бжыгъэр зэхуэдэ ищыжащ икІи джэгум хухаха зэманкІэ зэрытемыгъэкІуауэ ищхащ.

КъыщІагъуа сыхьэт ныкъуэр и кІэм нэблэгъэпауэ Понедельник Виктор щхьэкІэ дигъэкІа топым СССР-м къригъэхьащ Европэм и чемпионатым и япэ дыщэ медалэр. Илъэсилл илъэкІи Совет Союзымрэ Югославиемрэ щызэпэщІэтат Мельбурн щыІа Гъэмахуэ Олимпиадэм и финалым. 1:0-у текІуэри, абы щыгъуэми зи насып къикІар дыдейхэрат.

Гу лъытапхъэщ, 1960 гъэм щыІа Европэм и чемпионатым и япэ зэхьэзэхуэм и медалхэр къэзыхьа СССР-р, Югославиер, Чехословакиер нобэ дунейм тетыжкъым. Ахэр зэхэщІэщэкащ илъэс 30 дэкІри.

Европэм и чемпионатхэращ Совет Союзым футболымкІэ и командэ къыхэхам и ехьулІэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр щызыІэригъэхьар. Зи гугъу тщІа зэхьэзэхуэм къищынэмыщІауэ, иджыри щэнейр ар финалым щІэлъ джэгуащ. АрщхьэкІэ 1964, 1972, 1988 гъэхэм зэрызэкІэлъыкІуэу Испанием, Германием, Голландиием къыпикІуэтащ икІи дыжьын медалхэр къыльысащ.

Нэхъ къызэрыгугъэкІщ Урысей Федерацэм и Іэхуэхэр. Зэ закъуэщ ди къэралым и командэ къыхэхам медаль гуэр къыщихьыфар. 2008 гъэм абы Европэм и чемпионатым ещанэ увыпІэр щиубыдащ. Алъандэрэ дэкІа илъэс пщыІкІуущым гур къыщІэзыубыдэн гуэр щыІакъым. Арати, щІэзыдза зэпеуэм куэдкІэ дыщыгугъырт.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и командэ къыхэхам фІы гуэри къыпигъаплъэртэкъым ильэскІэ гуваз-уэ зэхаубла Евро-2020-м и япэ зэІущІэм. Абы зэхэхуэрэгъу къыщыхуэхъуат дунейпсо рейтингым бжыпэр щызыІыгъ (Бразилиери, Германиери, Аргентинэри, Испаниери, адрейхэри къызэринэкІауэ!) Бельгием и топджэгу лъэрызехьэхэр.

ЗэІущІэм зэрыщІидзэу наІуэ хъуащ я хьэрхуэрэгъуэхэр ди щІалэхэм куэдкІэ къаззэрефІэкІыр. Санкт-Петербург щыджэгу пэтми, абыхэм Урысейм и командэ къыхэхам щхьэкъэІэтыпІэ ирагъэлъэгъуакъым икІи 3:0-у хагъэщІащ.

АрщхьэкІэ, хьэлэмэтращи, апхуэдэу бжыгъэшхуэкІэ къатекІуа пэтми, Черчесов Станислав и гъэсэнхэм ящыІ Іэмал хъарзынэ яІэт зыхэт гупым ехьулІэныгъэкІэ къыхэкІыну. Абы папщІэ дяпкІэ зыпэщІэтыну Финляндиемрэ Даниемрэ я командэ къыхэхахэм хуэфэщэну дэджэгун хуейт. Іуэхур нэхъ тыншыж ищыІрт ещанэ увыпІэр къэзыхь гуэрэри адэкІэ зэрыкІуэтэнум. АрщхьэкІэ Бельгием зэрыздэжэгуам къиГэлъэгъуащ Урысейр зэхьэзэхуэм зэрыхуэмыхьэзыр дыдэр икІи хуабжу гугъу зриГэхьыш зэрыхуейр зы текІуэныгъэ нэхъ мыхъуми къыхьыш папщІэ.

А Іуэху еплъыкІэр щІигъэбыдащ мэкъуауэгъуэм и 16-м зэхэта къыкІэлъыкІуэ джэгуГуэм. ИГъащІэм япэу мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэм хэхуа Финляндиием и командэ къыхэхар ирагъэкІуэтын хуейт ди щІалэхэм. Ар ерагъкІэщ зэрахуэзэфІэкІар. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм Миранчук Алексей дигъэкІа топ закъуэм жуаІ къэрагъэтакъым икІи 1:0-у текІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ.

АдэкІэ къэнэжьар Даниемрэ и командэ къыхэхарат. Мыдрей тІур Санкт-Петербург щекІуэкІамэ, абы Копенгаген щыІущІэнут. Финляндиеми Бельгиеми къыхагъэщІа хэгъэрейхэм нэгъуэщІ зы хэкІыпІи яІэжтэкъым, очкоищыр тфІахьын фІэкІа. Дыдейхэм зэрытемыгъакІуэми ядэнут, адэкІэ кІуэтэн папщІэ.

Блыщхьэ кІуам и пщыхьэщхьэм къэхъуам тепсэлъыхьыжыгъуейщ. Джэгуп!э губгъуэм итар зы командщэ - Даниием ейращ. Сыт хуэми, дапхуэдэу зэхъуэкІ къыщтэми абы ищІащ. Арати, бжыгъэшхуэкІэ, 4:1-уэ, Урысейм и командэ къыхэхар хэгъэщІэри адэкІэ кІуэтащ, зэ фІэкІа темыкІуами. Дыдейхэм ижь дыдэ увыпІэращ къалъысар.

Апхуэдэу ихащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и дежкІэ Евро-2020 зэхьэзэхуэр. Абы ди къэралым топджэгум щыдихьэхэм хуабжьу я гур хигъэщІащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«В» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІам кърикІуар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. **Бельгие**	3	3	0	0	7-1	9
2. **Дание**	3	1	0	2	5-4	3
3. Финляндие	3	1	0	2	1-3	3
4. Урысей Федерацэ	3	1	0	2	2-7	3

Уз зэрыщІалэм теухуауэ иджыри зэ

● Узыншагъэ

Дунейр удзыфэу щІэращІэщ, дыгъэри мазэри къыкъуокІ, къуохьэж. Зыми зихъуэжа хуэдэкъым зэ еплъыгъуэкІэ, ауэ щІыхур зыгъэгузавэ уз зэрыщІалэм зитын Іуэху зэрызэримыхуэм, уеблэмэ нэхъ хьэлъэ зэрыхуэм и хъыбарыр адрей псом я щхьэ макІуэ.

СЫТ-ТІЭ ІэщІагъэлІхэм жаІэр? Сыхуейт фыщызгъэгъуэзэну УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Іэщіагъэлі-пульмонолог, РАН-м и член-корреспондент Авдеев Сергей мы Іуэхум теухуауэ жиІэм.

Псом ящэу абы къыхэгъэщ, илъэс ипэкІэ хуэдабзэу, щІыхуэхэм мы узыр хьэлъэу зэращІэкІыр, вирусыр нэхъ махэ зэрымыхъуар. Мы илъэс кІуам къиубыдэу дохутырхэм ягъэбелджылащ вирусым псэзэпылъхьапІэ иригъэувэжэр хэтми. Псом ящэр ныбжьыщхэу зиІэхэращ (илъэс 80 - 90). Уз гъэтІылъа зиІэхэм, гу-лъэнтхуэ, фошыгъу узыфэу ирехъу, лы лей зытелъхэм, къахуемыгъэли къахэкІыу, еІэзэгъуейщ. ІэщіагъэлІым щхьэхуэу къыхэгъэщ тутынафэхэр икІи жеІэ ар куэд щІауэ зи нэрыгъыр къеГэлэигъуей зэрыхъур, тутын ефэр уэсым имыщтэу жаІэу Интернетым щатхыр зэрыпщІы зэфэзэщыр.

Авдеевым зэрыжиІэмкІэ, щІыхум и общэ, биохимие анализэр зыхуэдэм елъытауэ, зэрысымэджэну щІыкІэр къахуэщІэ хъуащ. Псалъэм папщІэ, С-реактивный белок жыхуаІэр куэдмэ, лимфоцитхэмрэ тромбоцитхэмрэ мащІэмэ, щІыхур къахуемыгъэлынри хэлъщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, вирусым щІыхум ирищІэнкІэ хъунур иджыри яхуегъэбелджылапажьмэ. Къапщэтэ, уз гъэтІылъаи зимыІэ, я ныбжьыкІи илъэс 35 - 40-хэм фІэмыкІахэм къахокІ хьэлъэ дыдэу сымаджэ.

Вирусым и штаммыр псынщІэу ихъуэжу зэрыщІидзам и гугъу здищІым, Авдеевым жеІэ вирусхэм ар зэрахабзэр икІи щІыхуэхэр нэхъыбэу зэрыщІалэу, нэхъ хьэлъэуи сымаджэу зыкъыззэридзэкІынкІэ зэрыхъунур. Псалъэм папщІэ, британие вирусыр щыІащ, къэралхэм я бжэр зэхуащІауэ Инджылызым щыщ ямыГакІуэу. Иджы индие штаммыр къежьащ. ЩІыхуэхэр зэрыщІэлэнымкІэ абы и къарур куэдкІэ нэхъ инщ, къызытекІа штаммым нэхърэ.

Вирус зызыхъуэжам иджыри вакцинэжэр пэлъэщыну? Абы теухуа къэхутэныгъэ иджыри ирагъэкІуэкІын хуейщ. Абы и щапхъэу дохутырым къыхэгъэщ Астра Зенекэ вакцинэр Африкэ Илпщэм зэримыдажьр, абы щызекІуэ штаммым щыр пэлъэщырэкъыми.

Урысей вакцинэхэм ятеухуауэ вирусологхэм иммунологхэми жаІэ дэ ди Іэ хущъыдъэхэм я пкъыгъуэкэр псынщІэу зэрахъуэкІыфыну, вирусым зэрызихъуэжым елъытауэ.

ЩІыхуэхэр узым и закъуэкъым зыгъэгузавэр, ахэр ахущэбзэуи щыкІакІэ вакцинэхэм. Авдеевым жеІэ сымаджэм и тхьэмбылым и сурэт зыльэгъуар лейуэ мычэнджэщэжыну. АтІэ, «матовое стекло» щыжаІэращи, тхьэмбылыр хужь мэхъу, щІыхур зэрыпсэур, зэрыбэуэфыр бгъэщІагъуэу.

Дохутырым къыхэгъэщ и щхьэкІэ е и благъэ-Іыхьлыкі мы узыр зыгъэунэхуэм вакцинэм теухуауэ чэнджащэ зэрахэмыытыр.

Щыху лей щыІэкъым, щыІэр ахэр лей зыщІхэрщ

● Китай

Коронавирус уз зэрыщІалэр лабораторэм щащІауэ жызыІэ щыІэщ, щым хуэмыгъэшхэжыну, лейуэ къалъыта щІыхуэхэр зэрыуахын Іэмал. Абы и пэжыпІэр зэкІэ къыщжаІэну къыщІэкІынкъым. Ауэ бактериологие Іэщэм елэжьа къэралхэм удз гъэгъауэ къыщІэкІынкъым я лабораторэхэм щагъэкІар.

МЫР блэкІа зэманым иту щІыжьсІэр апхуэдэ Іэщэм елэжьыну хуимыту 1925 гъэм Женевэ, 1972 гъэм ООН-м учрэ къызэрыщащтарщ. Къэралхэм ягъэзащІэрэ мы унафэр, хьэмэрэ сэ сыжьІэдаІуэу сыщысурэ нэгъуэщІхэм щхъу щІыкІуу я лабораторэхэр ягъалажьэмэ-щэ, жаІэу я Іуэхум пащэрэ? ПІум щыгъуэми щІыхуцІэ зиІэм дежкІэ мыр щІагъуэкъым, ар къэзыгъэсэбэпыну хуей къыззэрыкъуэкІынум щэн хэлъкъыми.

«ЦІыхур куэдыІуэ хъуащ, щІым хуэгъэшхэжынукъым» жыхуаІэмкІэ згъэзэжьнщи, цІыху леи щыІэкъым, щІым и щытыкІэми зихъуэжакъым, и къалэным пэмыльэщыжу жытІэну. Дунейм цІыхуу тетым я зы процентым къулеигъэм и процент 50-р щаІыгъкІэ, гурыІуэгъуэщ адрей псомиз къалъысыжьр дапхуэдизми. КъищынэмыщІауэ, ахъшэм ахъшэ кърагъэщІ, армыхъумэ Іэмал имыІэу щыткъым щІым елэжьыну, заводхэмрэ фабрикхэмрэ яухуэну. Аращи, кулейр нэхъри къулей мэхъу, кулейлесызыр езыр-езыру къызэрымынэкІыфым тхьэмыщкІагъэм хохуэ.

Китайм нэгъуэщІ гуэзгу къыхуиГуэтащ мы Іуэхум. Зэ и гугъу фхуэсщІагъэхэщ езым и кулейлесызэр къызэрІэтыжьафа щІыкІэм. Иджы абы жеІэ дуней псом къулейлесызэр щыГэкІуэдыным текІуэуэ дэІэпыкъуэгъу хьуну къэзыр.

Мы гъэм илъэси 100 ирикъуащ Китайм и Компартыр къызэрызэрагъэпэщэ, абы екъулІэуи жаІащ кулеиГэкІэ ику ит псэукІэ зиІэ щІыхуэм я кулеалу зэрыщІытыр. Илъэс 40-м щигъукІэ (1979 гъэм щегъэжьауэ) китайхэр ящъ итащ щІыху мелуан 770-р кулейлесызыгъэм къызэрыхашыным икІи ар яхуэзэфІэкІащ.

Иджы ар яужь ихьащ езым хуэзэфІэкІар нэгъуэщІхэми щапхъэ яхуищІыну. Уеблэмэ «Тхьилъ хужь» къыдагъэкІащ, тхьэмыщкІагъэр къызэрызэранэкІа щІыкІэм теухуауэ. Ар нэгъуэщІ къэралхэми къагъэсэбэпыфынущ, езыхэм я Іуэху зытетым елъытауэ зэхъуэкІынигъэ гуэрэр халъхьэурэ. Псалъэм къыдэкІуэу жысІэнщи, ООН-м программэ иІэщ 2030 гъэм ехъулІэу дуней псом кулейлесызыгъэр къыщыдзэнэкІынным теухуауэ. Ауэ ар абы къызэремыхьулІэнур нэрылъагъущ, цІыхухэм я щыІэкІэ-псэукІэр езыгъэкІыуа пандемиеми и Іыхьэ хилъхьащ къулейлесызэр нэхъыбэ хъуным.

Сыт Китайм щІапхъэу кьилъытэр? Ялэрауэ, къэралым щрагъэфІэкІуащ дахэхэм зэрадэІэпыкъу щІыкІэр. ЕтІуанэрауэ, нэхъ щІэупщІэ зиІэ Іэщіагъэхэм цІыхухэр хурагъэджэжащ. Ещанэрауэ, къэралыр ядэІэпыкъуурэ лэжьапІэщІэхэр къызэІуахащ, ЕлПІанэрауэ, правительствэ нэхъыщхьэм хэкІыпІэкъэр еубзыху, проектхэр егъэхьэзэр, фондхэр къызэрегъэпэщ. ЩІынальэхэм щыІэ правительствэхэм жуаІэ яхь проектхэр зэрагъэзащІэм, апхуэдэ лэжьыгъэм цІыхухэр зэрыхуагъэхьэзырым, ахъшэр къызэрагъэсэбэпым теухуауэ.

«Бгыріпрхэ гъэзгуанэрэ» - аращ Китайм ФІищащ дуней псомкІэ мыхьэнэ зиІэну проектым. Илъэсилб хуауэ ар а Іуэхуэхэм яужь итщ, зэрыжаІэмкІи, сату, экономикэ, логистикэ зэпыщІэныгъэхэр тэмэму зэтеубла хьумэ, Евразием щыщу мы проектым къыхьыхьа къэралхэм я цІыхухэу мелуани 7-м щІигъу кулейлесызыгъэм къыпхуІэщІэхьнущ. Апхуэдэ хьисэпыр зыщІар Дунейпсо банкырщ.

Мы зэманым Китайм и программэр щагъэзащІэ Лаос, Камбоджэ, Азием и ИпщэкъуэкІыпІэ къэралхэм щыщ зыбжанэм. Іэщіагъэ щызрагъэгъуэт еджапІэхэр къыщызэІуах Африкэм и къэралхэм, Америкэ Илпщэм къыщызэІуех щІым зэрелажь ІэмалыщІэхэр щадж центрхэр.

КНР-м и Іэтащхьэ Си Цзиньпин и псалъэкІэ жыпІэмэ, «къэралхэри лъэпкъхэри зэпыщІащ, дэ зы кхъуафэжьейм дисщи, гуфІэгъуэри гуэвэгъуэри зэдзэгугъэшьи, ди планетэр нэхъыбІ, нэхъ дахэ зэрытщІыным яужь дитын, цІыхухэм я хъуэпсапІэр нахуапІэ яхуэтщІын хуейщ».

Аращи, цІыху лей щыІэкъым. Узэдзалажьмэ, уи фІэщу хэкІыпІэ улъыхъуэмэ, нэхъыбэжи хуэгъэшхэнущ ди щІым.

Редактор-унафэщІ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редакторунафэщІ), Ширдий Маринэ (редакторунафэщІ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1ыздкэ Замирэ, Чэрим Марианэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.



Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуэ1апІэхэм ядолжьэнымкІэ - 42-60-53; зэушыгагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекъу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, БесэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ тралъэр ящІыну сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 1.927 ●Заказ №1370